



# CENTRAL BROOKLYN ASCEND LOWER SCHOOL

465 East 29<sup>th</sup> Street, Brooklyn, NY 11226

t: 917-246-4800


e: [cbbs\\_ops@ascendlearning.org](mailto:cbbs_ops@ascendlearning.org)

w: [www.cbbs.ascendlearning.org](http://www.cbbs.ascendlearning.org)

[SY 2021-22 Kalandriye pou Fanmi](#)

## RAPEL POU PARAN

1ye mas, 2022



Chè Fanmi CBACS,

Nou espere ke elèv nou yo te jwi yon vakans mitan ivè an ki plen repo e ki te amizan. Nou pase plis ke mitan ane lekòl la ak **68 jou lekòl ki rete pou ane an!**

Mwa sa a nan CBACS nou pral selebre kòmansman prentan an 20 mas, mwa Mwa Istwa Fanm yo, elèv 3yèm ak 4yèm ane pral pran Egzamen Eta ELA yo ak anpil lòt bagay ankò!

Men kèk resous vityèl ki disponib pou fanmi yo mwa sa a:

[Brooklyn Public Library - Onore Fanm Atravè Dans Afriken](#) ak

[Ki Kote ou ka Selebre Mwa Istwa Fanm la ak Pitit ou.](#)

Bon dimanch.

### POU DEMEN:

Elèv yo retounen lekòl demen lendi 28 fevriye. Rapèl:

### VOYE ELÈV OU LEKÒL AK:

- ✓ LAPTOP AK CHAJÈ YO
- ✓ BOUTÈY POU DLO YO

### ELÈV YO DWE FÈ:

- ✓ YON TÈS RAPID COVID-19 AVAN TOUNEN LEKÒL LA.

## PREPARASYON POU TOUNEN LEKÒL AN PÈSON LENDI, 28 FEVRIYE



Pou pwoteje sante ak sekirite tout kominote nou an lè nou retounen, Ascend ap mande tout elèv ak anplwaye nou pou yo administre yon tès rapid nan **48 èdtan anvan yo retounen lekòl an pèsan lendi, 28 fevriye.**

Nou te voye tès rapid Covid-19 ak chak elèv anvan vakans la. **Si yon etidyan teste pozitif pou covid-19, asire w ke ou rapòte rezilta a pa imèl [cbbs\\_ops@ascendlearning.org](mailto:cbbs_ops@ascendlearning.org) epi kenbe etidyan ou lakay ou pou konplete peryòd karantèn lan.** Tès negatif covid-19 pa bezwen rapòte nan moman sa a. Nenpòt moun ki te gen yon rezilta tès covid-19 pozitif nan dènye 90 jou yo, pa oblije fè yon twous tès rapid.

## Olenpik - Dezyèm klas

Jedi, 17 fevriye, elèv klas dezyèm la te gen opòtinite pou yo patisipe nan yon *Evènman Jwèt Olenpik Akademik*. Elèv yo te itilize estrateji yo aprann ane sa a pou yo fè konpetisyon nan jwèt ELA ak matematik ak ekip peyi yo.

Elèv yo te aprann tout bagay sou jwèt olenpik yo, konmanse nan limen tòch olenpik la rive nan seremoni ouvèti ak fèmte yo.



Nou remèsye ekip 2yèm ane nou an ak fanmi yo dèske yo ankouraje elèv nou yo pou yo toujou ale pou lò an!

## MANJE LEKÒL LA



**Meni Dejene, Manje Midi ak "Snack" pou MAS** afiche sou sit entènèt nou an. Tanpri sonje nou se yon lekòl ke timoun yo paka poter manjer ki gen nwa ladan l - pa voye nenpòt atik ki gen nwa nan lekòl la ak elèv ou a.

## Kesyonè dijital eta Nouyòk sou ekite fanmi

Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department, NYSED) ap mande paran oswa responsab pou ranpli yon sondaj dijital sou ekite (pou chak elèv nan fanmi an) ki nan klas Kindergarten - Klas 12yèm ane. Sondaj sa a pral bay enfòmasyon sou aksè elèv genyen pou jwenn aparèy ak entènèt nan kay prensipal yo abite a.



Ou pral resewva yon **kòd inik** pou etidyan ou a nan yon lèt nap voye lakay ou semèn sa a.

Yon fwa ou resewva kòd la, tanpri vizite [NYSDigitalEquity.osdcp.org](https://nysdigitalequity.osdcp.org) oswa itilize kòd QR sa a pouw ranpli kesyonè a.

## Sondaj Lekòl NYC

Ou pral resewva tou yon dezyèm sondaj ak yon anvlòp nan sakado etidyan ou a semèn sa a. Sondaj sa a soti nan Depatman Edikasyon Vil Nouyòk la epi li espesyalman mande kòmantè w sou lekòl nou an.

Tanpri ranpli fòm nan epi retounen li nan katab pitit ou a nan anvlòp SELE yo bay la. **Klas la ki retounen 100% nan sondaj yo pwal resewva yon fèt pitza!**



## OPÒTINITE ETE POU JENÈS - pou frè ak sè elèv nou



### Pwogram Travay Ete pou Jèn (SYEP) (laj 14-21)

Pwogram Travay Ete pou Jèn (SYEP) se pi gwo pwogram travay pou jèn nan peyi a, ki konekte jèn vil Nouyòk ki gen laj ant 14 ak 24 an ak opòtinite eksplorasyon karyè ak eksperyans travay peye chak ete.

Patisipan yo gen opòtinite pou yo eksplòre enterè yo ak chemen karyè yo, devlope ladrès nan espas travay yo epi angaje yo nan eksperyans aprantisaj ki ede yo devlope ladrès sosyal, sivik ak lidèchip yo.

Ou ka aprann plis [ISIT LA](#), aplikasyon an poko louveri.

### 2022 Aplikasyon pou Pwogram Ladders for Leaders (laj 16-21)

Ladders for Leaders se yon pwogram ki rekonèt nasyonalman ki ofri elèv lekòl segondè ak kolèj opòtinite pou yo patisipe nan estaj pwofesyonèl pandan ete an ki peye ak dirijan kòporasyon yo, òganizasyon ki pa pou pwofi yo ak ajans gouvènman yo nan vil Nouyòk. Ou ka aprann plis [ISIT LA](#), [APLIKASYON AN LOUVRI](#).



### Ane Eskolè 2022-23 - Aplikasyon pou NOUVO elèv OUVRI!

Aplikasyon yo louveri pou ane lekòl 2022-2023 la. **Tanpri pataje ak zanmi w ak fanmi w pou w aplike nan: [ascendlearning.org/enroll](https://ascendlearning.org/enroll)** pou yon plas nan CBACS. Tanpri sonje, frè ak sè elèv nou yo dwe aplike pou lotri an tou pou nou ka ofri yo yon plas, sa dwe fèt anvan **1ye avril 2022**.

Pwochen Sesyon Enfòmasyon CBACS ap fèt:

- o madi, 8 mas a 5:00pm
- o mèkredi, 6 avril a 5:00pm

Nouvo fanmi nan CBACS ka rezève sou Eventbrite [LA](#).

**MIZAJOU BENEFIS MANJE P-EBT AN** - Nou te resewva kominikasyon ajou nan men eta a ke distribisyon pou elèv charter school yo te mete ajou kounye a pou Avril 2022. Si pitit ou a (yo) kalifye pou benefis P-EB, ou ka ranpli [Fòm Enfòmasyon P-EBT](#) oswa reler 1-888-328-6399.

## EVÈNMAN KALANDRIYE KAP VINI YO

<b>madi, 1 mas</b> <b>mekredi, 2 mas</b>	<b>Klas 3, 4 - Pratik pou Evalyasyon Anglè</b> - <i>Asire w ke elèv yo rive ATAN, GEN YON BYEN DOMI EPI MANJE DEJENE.</i>
<b>vandredi, 4 mas</b>	<b>PA GEN ELÈV</b> - Jou Devlopman Pwofesyonèl
<b>madi, 29 mas</b> <b>mekredi, 30 mas</b>	<b>Klas 3, 4 - Evalyasyon Anglè de Eta de NY</b> - <i>Asire w ke elèv yo rive ATAN, GEN YON BYEN DOMI EPI MANJE DEJENE.</i>

Ou ka wè Rapèl pou Paran ki pase yo sou sit entènèt nou an: [www.cbls.ascendlearning.org](https://www.cbls.ascendlearning.org)